13A Boeing Road West
Bedfordview 2007
Tel: +27 11 615 5879
+27 11 037 3400
Fax:+27 11 615 1016
Email: admin@zimbabweconsulate.co.zw
Website: www.zimbabweconsulate.co.za

ZIMBABWE

Consulate of the Republic of Zimbabwe
P O Box 61736
Marshalltown
2107
Johannesburg
Republic of South Africa

ZIMBABWE CONSULATE
CONSUL GENERAL'S OFFICE
28 -06- 2023
134 BOEING RD WEST, BEDFORDVIEW
PO BOX 61736, MARSHALLTOWN 2107

27 Chikumi 2023

**CHIZIVISO**

**KUMISWA KWEKUNYORESA NZVIMBO DZEKUUYA KUZOTORA MAGWARO EKUFAMBISA NEKUNYORESA MABIRTH EVANA PAMASAI SAI KUTANGA MUSI WA 3 CHIKUNGURU 2023**

Zvichitevera kunetsekana kurikusanganikwa nevabereki kuti vabatire nzvimbo pamasai sai dzekuuya kuzogadzirisa magwaro ekufambisa nekunyoresa mabirth evana kuConsulate mavhiki adarika aya, **zvaongororwa zvikaonekwa kuti danho iri richambomiswa kutanga musi woMuvhuro 3 Chikunguru 2023. Kana paine zvashanduka muchaziviswa zvakare nekufamba kwenguva.**

Parizvino, vabereki vose vanoda kubatsirwa panyaya dzemagwaro ekufambisa uye kunyoresa vana munokwanisa kushanyira Hofisi yeConsulate uko kwamuchabatsirwa **maringe nenguva dzamunenge masvika. Consulate ichange ichitanga kubatsira vanhu kutanga nenguva dza08:30am kusvika na12:30pm, pamazuva anoti Muvhuro, Chipiri, China ne Chishanu.** (Munoziviswa zvakare kuti Consulate inenge yakavhara pamazororo ese emuSouth Africa neeku Zimbabwe).

**Zvakare, maererano nenzvimbo yedu diki yakamanikidzika, Consulate ichange ichikwanisa kubatsira vanhu mazana mana nemakumi masere pazuva rimwe chete. Vabereki munokurudzirwa zvakare kuti mubatisise nekuteedzera nguva dzakatarwa**

**dzekubatsirwa nekutevedzera zvamunoudzwa kana muchinge masvika paConsulate kuti mukwanise kuwana rubatsiro nekukurumidza.**

Vabereki munokurudzirwa zvakare kuti muuye makabata magwaro ese anodikanwa akanyorwa pawebsite inonzi www.zimbabweconsulate.co.za kuti mukwanise kuwana rubatsiro rwakakwana uye nekukurumidza.

**Tinokuzivisai zvakare kuti Embassy yedu yekuPretoria neConsulate yeZimbabwe iri muJohannesburg nekuCape Town hadzina vamiririri vokunze vasingashande paEmbassy nepamaConsulate maviri ataurwa.**

Kune vanoda kubvunza kana kutaura neConsulate munokurudzirwa kushandisa nzira dzinotevera;

- **Facebook page: Zimbabweconsulate Boeing Road Bedfordview**
- **Twitter: Zimbabweconsulatejhb**
- **WhatsApp: +27828249435**
- **Email:admin@zimbabweconsulate.co.za**
- **Website: www.zimbabweconsulate.co.za**

E. Phiri
Consul General

ZIMBABWE CONSULATE
CONSUL GENERAL'S OFFICE
28 -06- 2023
134 BOEING RD WEST, BEDFORDVIEW
PO BOX 61736, MARSHALLTOWN 2107